Обес,

ҚОРАҚАЛПОҒИСТОН РЕСПУБЛИКАСИ ВАЗИРЛАР КЕНГАШИНИНГ ҚАРОРИ

ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ МИНИСТРЛЕР КЕҢЕСИНИҢ ҚАРАРЫ

Нукус шаҳри | Нөкис қаласы

№ 58 «13» февраль 2017 й.ж

**Өзбекистан Республикасы Президентиниң 2017-жыл 8-февральдағы «Өзбекистан Республикасы Президентиниң 2007-жыл 2-октябрьдеги ПҚ-700-санлы «Республикалық медицина мәкемелери хызметин шөлкемлестириўди жетилистириў ис-илажлары ҳаққында»ғы қарарына өзгерислер киргизиў ҳаққында»ғы ПҚ-2760-санлы қарары ҳаққында**

Аймақлық мәмлекетлик басқарыў уйымлары хызметиниң нәтийжелилигин асырыў, пуқаралардың денсаўлығын қорғаў системасын еле де жетилистириў ҳәм беккемлеў ҳәмде усы тийкарда халықтың турмыс дәрежесин ҳәм сапасын турақлы асырып барыў мақсетинде:

1. Өзбекистан Республикасы Президентиниң 2017-жыл 8-февральдағы «Өзбекистан Республикасы Президентиниң 2007-жыл 2-октябрьдеги ПҚ-700-санлы «Республикалық медицина мәкемелери хызметин шөлкемлестириўди жетилистириў ис-илажлары ҳаққында»ғы қарарына өзгерислер киргизиў ҳаққында»ғы ПҚ-2760-санлы қарары орынлаў ушын басшылыққа алынсын.

2. Өзбекистан Республикасы Президентиниң усы қарары менен Өзбекистан Республикасы Президентиниң 2007-жыл 2-октябрьдеги ПҚ-700-санлы «Республикалық медицина мәкемелери хызметин шөлкемлестириўди жетилистириў ис-илажлары ҳаққында»ғы қарарының 2 в-бәнтине төмендегише өзгерис енгизилгени мағлыўмат ушын қабыл етилсин:

«2. Қарақалпақстан Республикасы денсаўлықты сақлаў министри, ўәлаят ҳәм Ташкент қаласы денсаўлықты сақлаў басқармасы баслығы, ўәлаят көп тармақлы медицина орайы, ўәлаят балалар көп тармақлы медицина орайы бас шыпакери, сондай-ақ ўәлаят медициналық диагностика орайы, район (қала) медициналық бирлеспелери баслықлары Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Баслығы, тийисли ўәлаят ҳәкими яки Ташкент қаласы ҳәкими тәрепинен тайынланыўы белгиленип қойылсын».

3. Қарақалпақстан Республикасы Денсаўлықты сақлаў министрлигине, қала ҳәм районлар ҳәкимликлерине «Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси ҳаққында»ғы Қарақалпақстан Республикасының Нызамына муўапық денсаўлықты сақлаў тараўын және де раўажландырыў ҳәмде әмелге асырылып атырған жумысларды және де жеделлестириўдиң

тийкарғы жөнелислерин белгилеп бериў, денсаўлықты сақлаў системасындағы басшы хызметкерлердиң жумысларын қадағалап барыў мақсетинде бос (вакант) орынларына тийисли қәнигелерди олардың мийнет тәжрийбесине, мағлыўматына, кәсип маманлығы бойынша ийелеп турған лаўазымына мүнәсип екенлигине айрықша итибар қаратқан ҳалда белгиленген тәртипте Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесине усынислар киритиў тапсырылсын.

4. Қарақалпақстан Республикасы Денсаўлықты сақлаў министрлиги системасындағы республикалық көп тармақлы медицина орайы, республикалық балалар көп тармақлы медицина орайы, район (қала) медициналық бирлеспелери бас шыпакерлерин тайынлаў бойынша Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесине усыныс киргизиў Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң Баслығы тәрепинен әмелге асырылатуғынлығы белгилеп қойылсын.

5. Усы қарар менен белгиленген тапсырмалардың орынланыўын қадағалаўды өзимде қалдыраман.

Қарақалпақстан Республикасы
Министрлер Кеңесиниң Баслығы К.Сариев

QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI VAZIRLAR KENGASHI * QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASI MINISTRLER KENESI * UMUMIY BO'LIM ULUWMA BO'LIM